



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YON
UITYÈM REJYON SOU WOUT POU RANPLI KONDISYON YO POU RE-OUVRI NAN
DAT MADI 26 ME**

***Aprè satisfè paramèt retrase kontak yo, Mid-Hudson Valley pral rejwenn rejyon
Kapital, Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes,
Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse
plan re-ouvèti a***

***Si kantite ka lanmò yo kontinye diminye epi trasaj la sou entènèt, Long Island ka
re-ouvri nan dat mèkredi 27 me***

***Eta a ap fè patenarya avèk Advantage Care Physicians pou etabli 15 nouvo lokal
pou tès nan sant medikal yo nan rejyon sid la***

Eta New York kounye a gen plis pase 760 sit tès

***Raple Nouyòkè yo pou yo vote nan Konkou Piblisite New York Mete Mask lan dis
lendi 25 me***

***Konfime 1,772 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 359,926; Nouvo ka nan 50 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Mid-Hudson Valley sou wout pou satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan plan rejyonal nan kad re-ouvèti eta kòmanse madi 26 me, ap rejwenn rejyon Kapital, Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley. Kounye a Mid-Hudson Valley idantifye ase trasè kontak pou satisfè direktiv eta a yo, epi trasè yo ap resevwa fòmasyon nan kad preparasyon pou Mid-Hudson Valley antre nan premye faz la, ki gen ladan konstriksyon; manifakti ak chèn apwovizyonman an gwo; vant an detay pou ramasaj twotwa ak depo ak ramasaj nan magazen; ak agrikilti, forè ak lapèch. Nan Long Island, kantite ka lanmò yo kontinye diminye ak trasaj pral fè sou entènèt, epi si tandans sa a kontinye Long Island ka re-ouvri nan dat mèkredi 27 me. Enstriksyon pou biznis sou premye faz nan plan re-ouvèti Eta a disponib isit la. Yon gid sou Plan "NY Forward Reopening" (Re-ouvèti NY An Avan) Eta a disponib isit la. Tablodbò siveyans rejyonal eta a disponib isit la.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke eta a ap fè patenarya avèk Advantage Care Physicians pou etabli 15 nouvo lokal tès nan sant medikal yo nan rejyon sid la, enkli

sant egzamen yo nan kominote ki gen revni fèb epi minoritè yo. Eta New York kounye a gen plis pase 760 sit tès atravè eta a. Gouvènè a te ankouraje tou tout nouyòkè ki elijib yo pou yo vizite coronavirus.health.ny.gov pou jwenn yon sit tès ki pre ak pou yo fè tès.

Gouvènè a te raple Nouyòkè yo tou pou yo vote nan Konkou Piblisite New York Mete yon Mask (Wear a Mask New York Ad Contest) eta ki te lanse pa Gouvènè a nan dat 5 me e pitit fi li Mariah Kennedy Cuomo ap sipèvize. Nouyòkè yo kapab vote pou piblisite ki genyen an jiska 25 me nan WearAMask.ny.gov. Yo pral anonse piblisite ki genyen an madi 26 me, ak piblisite sa a pral sèvi kòm yon anons sèvis piblik.

"Chif yo ap desann chak jou epi nou ap fè pwogrè reyèl pou sispann pwopagasyon viris sa a, e kounye a, nou ap fokis sou re-ouvèti a", **Gouvènè Cuomo te deklare.**
 "Re-ouvèti diferan nan diferan rejyon yo toupatou nan eta a, men chak rejyon dwe ranpli menm kritè yo pou re-ouvri epi n'ap kenbe Nouyòkè yo enfòm sou ki kote chak rejyon kanpe. Nou pa vle yon rejyon re-ouvri anvan li pare, epi Rejyon Mid-Hudson Valley a satisfè tout kritè ki nesèsè yo kounye a pou kòmanse re-ouvri madi. Sa te yon sityasyon difisil, men Nouyòkè yo djanm e nou deja moutre kijan nou reyèlman djanm isit la."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,772 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 359,926 ka konfime nan Eta New York. Nan total 359,926 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|-------------|---------------|---------------|
| Albany | 1,770 | 14 |
| Allegany | 44 | 0 |
| Broome | 485 | 17 |
| Cattaraugus | 78 | 4 |
| Cayuga | 76 | 3 |
| Chautauqua | 72 | 9 |
| Chemung | 136 | 1 |
| Chenango | 118 | 0 |
| Clinton | 95 | 1 |
| Columbia | 359 | 3 |
| Cortland | 38 | 1 |
| Delaware | 74 | 2 |
| Dutchess | 3,793 | 26 |
| Erie | 5,552 | 155 |
| Essex | 36 | 0 |
| Franklin | 20 | 1 |
| Fulton | 193 | 4 |
| Genesee | 191 | 2 |
| Greene | 217 | 2 |

| | | |
|--------------|---------|-----|
| Hamilton | 5 | 0 |
| Herkimer | 100 | 5 |
| Jefferson | 72 | 0 |
| Lewis | 19 | 0 |
| Livingston | 114 | 0 |
| Madison | 301 | 4 |
| Monroe | 2,661 | 60 |
| Montgomery | 77 | 0 |
| Nassau | 39,726 | 118 |
| Niagara | 927 | 30 |
| NYC | 197,266 | 782 |
| Oneida | 864 | 36 |
| Onondaga | 1,904 | 76 |
| Ontario | 182 | 2 |
| Orange | 10,197 | 55 |
| Orleans | 196 | 21 |
| Oswego | 99 | 3 |
| Otsego | 68 | 1 |
| Putnam | 1,200 | 13 |
| Rensselaer | 463 | 3 |
| Rockland | 12,934 | 29 |
| Saratoga | 452 | 4 |
| Schenectady | 648 | 3 |
| Schoharie | 49 | 0 |
| Schuyler | 11 | 0 |
| Seneca | 54 | 0 |
| St. Lawrence | 196 | 1 |
| Steuben | 240 | 0 |
| Suffolk | 38,802 | 130 |
| Sullivan | 1,297 | 10 |
| Tioga | 121 | 3 |
| Tompkins | 149 | 2 |
| Ulster | 1,606 | 11 |
| Warren | 249 | 3 |
| Washington | 225 | 1 |
| Wayne | 107 | 3 |
| Westchester | 32,881 | 114 |
| Wyoming | 80 | 1 |

| | | |
|-------|----|---|
| Yates | 37 | 3 |
|-------|----|---|

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)